

Divizyon Kondisyon ki Okipe Afè Travay ak Biznis Ou

Fòm sa a eksplike sa pou espere pandan ak apre yon ankèt.

Kondisyon Travay vizite patwon yo pou:

- Mennen ankèt sou plent yo
- Asire patwon yo konfòme yo avèk lwa ak règleman yo
- Bay enfòmasyon enpòtan

Kondisyon Travay aplike lwa ki pwoteje prèske tout travayè yo nan Eta New York. Lwa sa yo konsène:

- Salè minimòm ak peman pou travay siplemantè
- Peman salè ak sipleman salè (avantaj sosyal)
- Egzijans pou jou repo ak peryòd repa
- Règ travay nan agrikilti
- Restriksyon sou travay timoun
- Kondisyon travay nan endistri rad

Pandan yon premye vizit, Anketè Kondisyon Travay yo ap:

- Prezante tèt yo epi prezante dokiman yo (yon kat biznis oswa yon badj)
- Tout pwofesyonèl ak koutwa
- Vizite ou san yon randevou. Lalwa bay otorizasyon pou vizit san anonse; pou antre nan nenpòt kote travayè yo ap travay epi pou enspekte kote a
- Pa bay yon rezon pou vizit la (plent yo konfidansyèl)
- Fè entèvyou avèk anplwaye yo anprive
- Revize dosye ki nan lokal travay la
- Mande nenpòt lòt dosye alekri, epi pwograme yon vizit pou retounen, si li nesèsè
- Ofri epi ba sèvis entèpretasyon si li nesèsè

Pou asire ankèt la fèt san pwoblèm, patwon an ta dwe:

- Kolabore avèk anketè yo toutan
- Fasilite enspeksyon an, entèvyou avèk anplwaye yo, ak revizyon dosye yo
- Pa fè okenn deranjman nan entèvyou prive anplwaye yo
- Pa kache erè oswa pa kreye fo dokiman
- Rekonèt anboche yon avoka prive pa anpeche Divizyon an pou yo gen aksè nan espas travay la, nan dosye anplwaye yo, oswa nan dosye pwopriyètè/manadjè oswa nan dosye pewòl la
- Pa fè aksyon negatif kont anplwaye ki pote plent, ou sispèk ki te pote plent, te kolabore avèk ankèt la, oswa te pale avèk anketè a

Etap nan Pwosesis Aplikasyon Kondisyon Travay

1. **Ankèt** - Yon anketè ap enspekte lokal travay la, l ap fè entèvyou avèk patwon an ak anplwaye yo, l ap revize liv yo ak dosye yo, epi l ap retounen nan espas travay la, si li nesesè.
2. **Rezilta yo** - Patwon an ka resevwa yon avi pou vyolasyon (yo) ak sou kantite lajan salè li dwe, ak/oswa yon lèt ki eksplike vyolasyon yo te jwenn yo. Lèt la ap eksplike prèv yo te revize yo, detèminasyon ki te fèt, fason pou korije vyolasyon yo, ak pou fè answit.
3. **Rezolisyon** - Patwon an ap gen okazyon pou revize avi a ak rezilta yo avèk anketè a epitou pou li diskite sou yon rezolisyon. Si patwon yo pa dakò oswa si yo pa konprann, yo ka pale avèk yon Anketè Prensipal.
4. **Konferans sou Ka** - Nou ka mande patwon yo pou yo patisipe nan yon reyinyon Distri a pou yo rezoud pwoblèm yo ki annatant oswa nan yon Konferans sou Konfòmite, ki se yon aksyon enfòmèl ki sanble avèk medyasyon, pou yo vini nan yon rezolisyon.
5. **Odyans Administratif** - Si patwon yo pa konfòme yo, si yo pa fè restitasyon, oswa si yo pa dakò avèk rezilta ankèt la, Divizyon an ap bay yon Lòd pou Konfòme (Lòd), ki gen enterè ak sanksyon ladan. Yon Lòd ap bay 60 jou pou fè peman an oswa pou mande yon kontestasyon devan Komisyon Kontestasyon Relasyon Endistriyèl (Industrial Board of Appeals, IBA). IBA bay yon revizyon Lòd la san paspouki.
6. **Pwosedi Sivil oswa Kriminèl** - Si kontestasyon Lòd la pa fèt alè epi si patwon an pa t fè peman an, Divizyon an ap fè tantativ pou antre Lòd la kòm yon jijman sivil pou nenpòt lajan an patwon dwe ki anreta.
7. **Pwosedi Kriminèl** - Yon referans pou pwosedi kriminèl pou yo deli kapab fèt pou vyolasyon lwa travay, pa pou kantite lajan patwon an dwe moun ki konsène yo.